

# CORONAVIRUS (COVID-19)



DELAWARE HEALTH  
AND SOCIAL SERVICES  
Division of Public Health

## KARANTÈN kont IZOLASYON

SOURCES:

CENTERS FOR DISEASE CONTROL & PREVENTION

### KARANTÈN

Separe epi mete restriksyon sou mouvman nan moun ki petèt te ekspoze a Kowonaviris la (COVID-19) pou wè si yo ka vin malad. Moun ki an karantèn pa gen sentòm.

Lòt moun k ap viv nan kay avek ou, ki pa anba karantèn, ka ale travay, fè makèt, al pran preskripsyon yo epi siveye lòt moun ki nan karantèn. Epi tou yo sipoze dezenfekte sifas ke yo itilize souvan, lave rad yo, epi lave men yo souvan.

#### Moun ki nan karantèn yo mande yo:

- Rete nan karantèn pou 14 jou, yo panse sa se peryòd enkubasyon pou viris la.
- Evite ale travay, fè makèt, manje deyò, adore ak patisipe nan nepot lòt aktivite deyò.

Pa gen okenn vizitè lakay yo epi kenbe 6 pye lwen fanmi yo.

Fè atansyon ak sante yo epi rele doktè yo si yo devlope sentòm.

- Rete lakay yo amwenske yo bezwen yon doktè oswa sèvis medikal ijan. Lè sa a, rele devan pou yo fè dokte yo konnen.



### IZOLASYON

Separe moun ki genyen maladi COVID-19 la de moun ki pa malad. Moun ki izole tèt yo se yon danje pou fanmi yo ak vizitè yo. Yo dwe fè atansyon ak sante yo pou si li kòmanse deteryore.



#### Moun ki nan izolasyon DWE:

- Rete nan yon chanm apa lakay yo pou yo pa an kontak ak lòt moun.
- Sèvi ak yon twalèt apa.
- Pa gen okenn vizitè lakay yo epi kenbe 6 pye lwen fanmi yo.
- Touse oswa estène nan yon papyè klinèks epi jete li nan fatra. Apre sa, imedyatman lave men yo ak savon ak dlo pou omwen 20 segonn.
- Lave men yo souvan, menm si yo pa touse oswa estène.
- Evite manyen je yo, nen yo ak bouch yo ak men ki pa lave.
- Pa pataje asyèt, tas/gode, kiyè, fouchèt, kouto, sèvyèt oswa kabann ak nenpòt moun; lave bagay sa yo apre yo itilize.
- Dezenfekte sifas ki itilize souvan tankou kontwa, bureau, telefòn, klavye, remote kontwòl televizyon e plis.
- Pa pran otobis, sèvis woulib oswa taksi.
- Mete yon mask figi si yo pa gen chwa rete bò kote moun nan kay yo, oswa nan yon machin si yo prale nan yon randevou medikal (aprè ou rele an devan). Si yo pa gen yon mask figi, itilize yon mouchwa oswa yon lòt rad.

#### Gen Kesyon?

Pou plis enfòmasyon kontakte nou nan 1-866-408-1899 oswa voye yon imèl nan [dphcall@delaware.gov](mailto:dphcall@delaware.gov).  
Moun ki gen pwoblèm tande ka rele 7-1-1

[de.gov/coronavirus](https://de.gov/coronavirus)

Created 3/30/2020